

K

1

2

3

4

5

6

7

8

Gwo espwa

Patnarya pou
lavni pitit ou



**Department of
Education**

Joel I. Klein, Chancellor

Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo bezwen devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalyite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalyite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon destinasyon. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

Nan gid sa a, w ap jwenn kèk egzanp sou sa elèv klas 4yèm ane yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati (ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou klas 4yèm ane yo. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa pitit ou a ta dwe deja konnen anvan l kòmanse 4yèm ane? Kisa l ap aprann nan klas 5yèm ane ak nan lòt klas yo? Pwofesè pitit ou kapab ba ou repons pou tout kesyon sa yo oswa ou kapab jwenn repons yo sou sit wèb nou nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou yo devlope bon abitud etid :

- ❑ Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li ak ti materyèl tankou plim, kreyon, papye, sizo, ak tep ki deja la.
- ❑ Fè yo fè ak òganize devwa yo chak jou. Yo bezwen konnen kouman pou yo jere tan yo ak devwa yo an fonksyon objektif alontèm yo.
- ❑ Ankouraje yo fè devwa ki pi difisil yo anvan, se pa an dènye.
- ❑ Verifie pou w wè si devwa yo fini alè. Prewokipe w plis de pwosesis yo itilize pou yo fè devwa a pase pou w ap siveye repons ki kòrèk.

Pou ka jwenn lòt lide, ale nan sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Elèv ki gen andikap :

Sofsi genyen lòt endikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.

Mande pwofesè pitit ou



Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.

Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzamp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Nan ki matyè pitit mwen travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas li? Èske w ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòmè sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki èd lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

Lang e literati angle (ELA)

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Fouye nan tèks ki ekri, tankou atik jounal, oswa paj yon liv, pou jwenn yon rezime sou sa yo di oswa pou jwenn yon eleman presi.
- Konnen diferans ant enfòmasyon ki enpòtan (pa egzanp, enfòmasyon ki sipòte yon lide ki nan tèks la) ak enfòmasyon ki pa enpòtan.
- Itilize sa yo konnen deja sou yon matyè pou ede yo konprann oswa devlope opinyon sou enfòmasyon yo li yo.
- Konnen ak itilize règ ponktiyasyon, itilizasyon lèt majiskil, ak òtograf.
- Konnen ak itilize diferan teknik bon ekriven yo itilize, tankou chwa mo, òganizasyon lide, ak itilizasyon metafo ak lòt plan deskriptif.
- Li awotvwa diferan kalite tèks, tankou liv, pyès teyat, powèm, lè yo itilize ton vwa, ritm, ak konsantrasyon pou ekspri lide ak imè tèks yo.
- Fè dediksyon epi tire konklizyon ki baze sou enfòmasyon ki nan tèks la.
- Itilize langaj, gramè ak vokabilè apwopriye pou kominike lide lè y ap pale avèk diferan oditwa.
- Itilize divès kalite modèl òganizasyonèl (lòd kwonolojik, kòz/efè) lè y ap ekri.
- Pran nòt pou antre ak òganize done, enfòmasyon ak lide ki soti nan plizyè sous; konpare ak diferansye enfòmasyon sa yo sou yon sijè senp.



Aprantisaj lakay

Estrateji sa yo kapab fèt nan lang natifnatal fanmi yo ak nan lang Angle tou.

Mennen pitit ou nan yon pyès teyat epi siveye kouman mo yo vin anime.

Nouyòk genyen plis pase de douzèn konpayi teyat kote timoun ofri pèfòmans anime (andirèk) pou timoun tout laj. Chèche konnen sa k ap pase nan sit wèb www.nytheatre.com. Nan paj-dakèy la, klike sou "For Kids & Families."

Envite pitit ou pou li redaksyon orijinal li awotvwa, pou pataje powèm yo ak istwa kout avèk ou ak lòt manm fanmi an.

Pale osijè sa ou li avèk pitit ou epi diskite sou lide ki nan liv yo.

Ankouraje pitit ou pou li eksplore nouvo liv ki nan jan diferan, tankou pwezi oswa pyès teyat. Pòtay Sit Wèb Lekti yo Rekòmande nan Bibliyotèk Piblik vil Nouyòk ki nan kids.nypl.org/reading/recommended.cfm se yon gwo kote pou kòmanse.

Matematik



Aprantisaj lakay

Ale nan ekspozisyon entèaktif, Mathematica : Yon Monn Nonb, avèk pitit ou nan *New York Hall of Science* ki nan *Queens*, www.nyscience.org.

Ansanm avèk pitit ou, rasanble 100 pyès 1 santim epi dakò pou chak pyès 1 santim egal yon pousan yon dola. Mande pitit ou pou li adisyone ak soustrè pyès monnen yo pou li jwenn lòt pousantaj.

Jwenn piblisite pou likidasyon nan diferan magazen. Ki magazen ki ofri pi gwo rabè a? Pale osijè lòt bagay ki detèmine si yon pri likidasyon se yon bon valè.

Ale nan sit wèb pou seri Cyberchase PBS, pbskids.org/cyberchase, ki itilize mistè, sans imou ak aksyon pou angaje timoun yo nan matematik. Sit wèb la genyen konsèy tou pou ede fanmi yo sipòte aprantisaj pitit yo nan matematik ak nan syans.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Miltipliye ak divize nonb ki genyen de chif ak nonb ki genyen twa chif.
- Li ak ekri nonb jiska yon milyon (1.000.000).
- Jwenn faktè yon nonb. Faktè se nonb ki kapab miltipliye ansanm pou bay yon rezilta ki rele pwodui. Pa egzanp, 3 ak 5 se faktè 15.
- Rekonèt pousantaj se pati 100. Pa egzanp, 20 pousan reprezante 20 pati 100. Ekri pousantaj yo sou fòm fraksyon (50 pousan ta $1/2$) epi sou fòm desimal (20 pousan ta 0.20).
- Senplifye fraksyon pou mete yo an tèm ki pi piti a—pa egzanp, $20/100$ ta $1/5$.
- Klase kwadrilatè yo (fòm jwometrik ki genyen kat kote) dapre pwopriyete ang ak kote yo. Pa egzanp, yon kwadrilatè ki genyen kat ang 90 degre ak kat kote egal se yon kare.
- Itilize yon règ pou mezire an pous, $1/2$ pous, $1/4$ pous ak $1/8$ pous ak an santimèt ki pi rapwoche a.
- Konprann ekspresyon aljebrik yo. Pa egzanp, $2x$ se ekspresyon aljebrik “de fwa yon kantite,” epi $4a + 3b$ se ekspresyon aljebrik “kat fwa yon kantite plis twa fwa yon lòt kantite.”
- Fè lis rezilta posib pou eksperyans yon evènman senp. Pa egzanp, fè lis tout rezilta posib lè ou lanse yon pyès monnen anlè.
- Aplike teknik matematik debaz nan sitiyasyon reyèl yo. Pa egzanp, rekonèt yon rabè 20 pousan vle di ekonomize 20 santim sou chak dola.

Syans

Syans nan klas senkyèm ane ap eksplòre kalite rechèch syantifik, syans latè, manje ak nitrisyon, ak ekosistèm.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Poze kesyon rechèch savan kapab reponn, tankou obsèvasyon ak koleksyon done. Fè plan ak rechèch syantifik pou reponn kesyon yo.
- Itilize matematik nan rechèch syantifik.
- Konprann ke wòch konpoze ak mineral.
- Fè rechèch, note ak eksplike kouman wòch yo ak sòl la fòme.
- Idantifye evènman, tankou tranblemanntè ak eripsyon vòlkan, ki lakòz mouvman latè.
- Fè plan ak konstwi modèl relyèf sòl la.
- Rekonèt abitud ki bon pou sante, paegzanp evite sibstans nuizib yo, tankou alkòl ak tabak, manje yon rejim alimantè ki fòtifyan, epi fè egzèsis regilyèman.
- Rekonèt manje bay enèji ak sibstans èt vivan yo bezwen pou grandi ak repare tèt yo.
- Obsève ak idantifye pati anime ak pati mòt nan yon ekosistèm.
- Idantifye egzanp aktivite imen ki bon oswa ki pa bon pou lòt òganis.

Aprantisaj lakay

Ansanm avèk pitit ou, deside sou yon chanjman ki ta ede fanmi ou vin pi an sante, pa egzanp, fè plis egzèsis. Mande pitit ou pou li jwenn sous enfòmasyon ki fyab nan liv oswa sou sit wèb, epi pou diskite sou sa fanmi ou kapab fè pou fè chanjman an.

Ankouraje pitit ou pou li patisipe nan Semenn Syans Latè *Earth Sciences Week*, yon pwogram ki jwenn sipò *American Geological Institute* chak ane. W ap jwenn aktivite lokal ak aktivite nasyonal, enfòmasyon ak resous nan sit wèb www.earthsciweek.org.

Antan yon fanmi, al vizite *New York State Environment Hall* ki nan *American Museum of Natural History* (gen frè pou peye pou sa) sou Anwo Pati Lwès *Upper West Side* la pou wè kouman peyizaj natirèl vil ak Leta nou an te devlope nan tan ki pase. Pou jwenn enfòmasyon nan Entènèt sou wòch Nouyòk ak lòt kote, ale sou sit wèb www.amnh.org/ology/earth epi klike sou "If Rocks Could Talk."



Aprantisaj lakay

“On-Lion” for Kids, kids.nypl.org/holidays/index.cfm/cfm, se pòtay Bibliyotèk Piblik vil Nouyòk nan jou ferye ak selebrasyon nan vil la, Emisfè oksidantal, ak monn lan. Sit wèb la ofri lyen sou tradisyon pou selebrasyon pèsònèl tankou anivèsè nesans ak komemorasyon ofisyèl, tankou mwa pou Istwa Afriken-ameriken, Istwa Azyatik-Pasifik Ameriken, ak Eritaj Ispanik.

Ede pitit ou chwazi yon evènman enpòtan ki pase chak semenn nan yon jounal oswa nan yon emisyon televizyon. Pale osijè sa moun kapab di sou evènman an nan yon ane ankò, nan 10 zan ankò, oswa nan 100 ane ankò.

Ansanm avèk pitit ou, eksplòre istwa ak kilti Endyen Ameriken ki nan Emisfè oksidantal nan *George Gustav Heye Center*, ki fè pati *Smithsonian Institution’s National Museum* pou Endyen Ameriken ki nan vil Nouyòk. Pou jwenn enfòmasyon, ale sou sit wèb www.nmai.si.edu epi klike sou “Visitor Information,” answit klike sou “NMAI in New York.”



Syans sosyal

Nan syans sosyal senkyèm ane, elèv yo ap eksplòre peyi Emisfè oksidantal, tankou Etazini, Kanada, ak peyi Amerik Latin yo.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Rekonèt ak entèprete prensipal sous enfòmasyon, tankou lèt orijinal, jounal ki parèt chak jou, ak lòt dokiman.
- Entèprete enfòmasyon ki nan kat jewografi, graf, dyagram ak lòt materyèl vizyèl konsènan Emisfè oksidantal.
- Eksplike kouman diferan gwoup etnik nan peyi Etazini, Kanada ak Amerik Latin kontribiye nan divèsite kiltirèl Emisfè oksidantal la.
- Konpare ak opoze evènman enpòtan nan istwa Emisfè oksidantal la- paegzanp, kwasans ak dekadans sivilizasyon Aztèk yo nan Meksik ak arive eksploratè espayòl yo.
- Itilize prensipal sous, tankou lèt oswa lòt dokiman orijinal, pou fè rechèch sou yon moun oswa yon evènman istorik. Kreye ak fè yon prezantasyon ki baze sou rechèch.
- Konprann ke fwontyè politik yo chanje ak tan an.
- Chèche karakteristik jewografik enpòtan Emisfè oksidantal la, tankou kontinan yo, rivyè yo ak chenn montay yo lè yo itilize kat jewografi, glòb ak atlas.
- Konnen ak konprann kouman moun ki nan peyi Emisfè oksidantal satisfè bezwen ak dezi debaz yo—pa egzanp, pou lojman, manje, ak rad.
- Eksprime priz konsyans sou selebrasyon patriyotik peyi Etazini, Kanada ak Amerik Latin.

Plis konesans ak aptitud enpòtan

Elèv klas senkyèm ane nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan yo nan syans ak nan syans sosyal.

- **Boza** : Elèv klas senkyèm ane yo ap patisipe nan boza vizyèl, dans, mizik ak teyat. Y ap ogmante aptitud yo nan chak fòm boza epitou y ap aprann fason pou diskite sou boza avèk vokabilè apwopriye ak aptitud kritik. Y ap konekte etid yo ak faktè istorik, kiltirèl, ekonomik ak lòt faktè ki enfluyans boza, epitou y ap eksplòre resous atistik varye ak rich vil Nouyòk. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Egzèsis fizik ak sante** : Elèv yo ap kontinye amelyore sante ak byennèt pèsònèl yo, sante fanmi yo ak zanmi yo, epi sante lekòl yo ak kominote yo. Pa egzanp, nan tout matyè debaz yo, elèv yo ap aprann fason pou analize enfluyans fanmi, kamarad klas, ak medya sou konpòtman sante ak fason pou pratike konpòtman sante epitou pou evite konpòtman danjere, tankou fimèn ak pran dwòg. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Nan fen ane, elèv klas senkyèm ane yo ap kapab itilize sous pou kolekte enfòmasyon jeneral; ekri bon kesyon rechèch; jwenn enfòmasyon si yo itilize resous enprime, resous elektwonik, ak resous imen; pran diferan kalite nòt (pa egzanp, nòt ekri ak nòt elektwonik); bay yon pwendvi epi sipòte pwendvi a avèk prèv; revize travay yo apati remak lòt moun; fè konklizyon sou tèm yon istwa; epi swiv pwosedi sekirite lè y ap itilize Entènèt. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Teknoloji** : Elèv ki nan klas senkyèm ane ap kapab diskite sou pwoblèm debaz ki gen pou wè ak itilizasyon nan yon fason responsab teknoloji ak enfòmasyon, idantifye senaryo ki dekri itilizasyon akseptab ak inakseptab òdinatè, epitou dekri konsekans pèsònèl nan itilizasyon ki pa apwopriye. Elèv yo ap konnen pwosedi pou enpòte ak manipile imaj ak dyagram ki nan dokiman ak spreadsheets, prezantasyon ak lòt travay kreyatif. Elèv yo ap itilize zouti kominikasyon (tankou imèl, diskisyon sou Entènèt, ak anvivonman sit wèb) a resous Entènèt pou pwojè kolaborasyon andedan ak deyò salklas la avèk lòt elèv k ap etidye menm matyè ki gen pou wè ak korikòlòm lan. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon rezime sou anpil nòm pitit ou ap aprann ane sa a. Ou kapab wè kopi gid sa yo epi transfere download kopi li nan òdinatè ou pou tout klas yo, klas matènèl rive klas 8yèm ane, ansanm ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas yo sou sit wèb nou an nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak OFEA ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit wèb Ansèyman ak Aprantisaj www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics ak sit wèb OFEA www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/ofea. Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan ofea@schools.nyc.gov. Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo.



Department of
Education

Joel I. Klein, Chancellor



T&I-7924 5th (Haitian Creole)